

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : 20/04/2017

Nimewo : **A-125**

Sijè: ENSKRIPSYON ELÈV KI PA RETE NAN VIL LA

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Yo mete règleman an ajou nan fason sa yo:

- Klarifye ke règleman an pa aplike pou elèv ki nan lojman tanporè oswa ki nan *foster care*, piske elèv sa yo ka kontinye ale lekòl nan lekòl prensipal yo nan Vil Nouyòk si elèv la te abite nan Vil Nouyòk ak si li te nan yon lekòl DOE nan moman li te nan *foster care* la oswa nan moman li t ap kite Vil Nouyòk la. (Rezime, fn.1, p. 1).
- Klarifye ke règleman an pa aplike pou elèv ki pa rete nan Vil la, ki rete nan eta Nouyòk epi ki nan pwogram kay distri 79. (Seksyon I.A., fn. 2, p. 1.)
- Revize definisyon mo paran "elèv kòm paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la". Definisyon paran gen ladan:paran byolojik oswa paran adoptif, bopè- bèlmè, responsab legal, paran akèy *foster*, ak "moun ki reprezante paran" yon timoun ki nan yon lekòl nan moman an." Tèm moun ki reprezante paran an fè referans avèk yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se paske, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, pa rete nan eta a, oswa abandon timoun lan. (Seksyon I.B., fn.3, p.1.)
- Klarifye ke Depatman edikasyon detemine si yon paran itilize fo adrès pou montre li rete nan Vil la oswa si li pat di li pa rete nan Vil la, paran an dwe peye frè ekolaj pou chak ane oswa pòsyon yon ane elèv la te nan lekòl la san li pa rete nan Vil la. (Seksyon I.F., p. 1.)
- Retire kritè to ekolaj ki perime. (Seksyon II, p. 2.)
- Mete langaj la ajou pou mache avèk pwosesis DOE kounye a.
- Mete enfòmasyon kontak ajou. (Seksyon VII, pp. 3 ak 4.)

REZIME

Règleman sa a fiksé pwosedি konsènan fason lekòl leta Vil Nouyòk fè admisyón, ranvwaye, ak transfere elèv ki pa abite nan Vil Nouyòk. Yo defini yon elèv ki pa rete nan Vil la kòm yon elèv adrès prensipal kay li pa sou Vil Nouyòk epi ki pa satisfè kondisyon pou yo konsidere adrès li nan Vil Nouyòk nan CR A-101.¹

I. PRENSIP JENERAI: ENSKRIPSYON ELÈV KI PA RETE NAN VIL LA

- A. Dapre Seksyon 3202 Lwa Eta Nouyòk sou Edikasyon, elèv ki gen plis pase laj 5 ane epi ki gen mwens pase laj 21 ane gen dwa pou jwenn edikasyon leta gratis nan distri yo abite a. Se Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ki ka deside si l dakò pou yon timoun ki pa gen kay li nan Vil Nouyòk enskri nan yon lekòl leta NYC, epi timoun lan oblige peye frè ekolaj la.²
- B. Paran³ elèv ki pa gen adrès nan Vil la ak elèv emansipe ki pa gen adrès nan Vil la ak minè k ap viv poukонт dwe renonse pou patisipe nan pwogram chwa lekòl leta Public School Choice (PSC) ak pwogram lekòl ki toujou gen deblozay Persistently Dangerous Schools (PDS).
- C. Elèv ki pa rete nan Vil la pa kalifye pou patisipe, kidonk pa ka aplike pou ale nan lekòl espesyalize yo, lekòl oswa pwogram selektif kote yo admèt elèv dapre evalyasyon dosye akademik yo, pwogram pou timoun douwe gifted and talented (G&T) oswa pwogram pre-K. Elèv ki pa rete nan Vil Nouyòk pa ka patisipe nan pwosesis Admisyon nan lekòl segondè, pwosesis Chwa lekòl presegondè, pwosesis Admisyon nan G&T oswa pwosesis Admisyon nan pre-K. Se Biwo pou enskripsiон elèv Office of Student Enrollment (OSE) ki ka deside fè tout eksepsyón pou règ sa a, epi l ap konsidere sèlman ka kote yon rezidan kite Vil la pandan ane lekòl la jan l dekri nan Seksyon IV.
- D. Elèv ki pa gen rete nan Vil la k ap peye frè ekolaj pou elijib pou mwayen transpò ke Biwo pou transpò elèv Office of Pupil Transportation (OPT) ofri.
- E. Si nenpòt lè yon paran pa di lekòl la ke yon elèv ki nan lekòl la pa yon rezidan Vil la, epi Depatman an detèmine apre ke elèv la pa yon rezidan Vil la sa fè ke elèv la pèdi dwa l genyen pou l rete nan leòl la pou rès ane a, epi y ap ranvwaye l nan fen semès y ap pran desizyon an. Elèv la pèdi tou dwa l pou l soumet yon aplikasyon pou l rete nan lekòl la kòm yon elèv ki pa gen kay li nan Vil la.
- F. Si Depatman edikasyon vin detèmine ke yon paran itilize yon fo adrès pou fè konnen li abite nan Vil la oswa pa bay kondisyon l ap vin kòm yon moun ki pa abite nan Vil la, elèv la ap elijib sèlman pou l rete nan lekòl la jiska fen semès y ap pran desizyon an. Elèv la pa elijib pou aplike pou admisyón pou rès ane a oswa ane k ap vini a. Paran an dwe peye frè ekolaj la pou chak ane ki fin pase yo oswa pou pòsyon ane ke elèv la nan Sistèm lan kòm yon elèv ki pa rete nan Vil la. Se sèl OSE ki ka bay dispans poutèt sikontans espesyal.

¹ Règleman sa a pa aplike pou elèv ki nan lojman tanporè oswa ki nan *foster care*, piske elèv sa yo ka kontinye ale lekòl nan lekòl prensipal yo nan Vil Nouyòk si elèv la te abite nan Vil Nouyòk ak si li te nan yon lekòl DOE nan moman li te nan *foster care* la oswa nan moman li t ap kite Vil Nouyòk la.

² Règleman sa a pa aplikab pou elèv ki pa rete nan Vil la ki na pwogram Lekòl lopital Distri 75, timoun ki sou kontwòl *foster care/ACS* oswa pwogram nan kay Distri 79, ak kèk elèv lekòl *charter*.

³ Jan yo itilize paran nan règleman sa a vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la. Definisyón paran gen ladan: paran byolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal, paran akèy *foster*, ak "moun ki rezante paran" yon timoun ki nan yon lekòl nan moman an." Tèm moun ki rezante paran an fè referans avèk yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se paske, pamì löt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, pa rete nan eta a, oswa abandon timoun lan.

- G. Y ap pran mezi pou pini yon anplwaye DOE ki voye pitit yo nan lekòl leta Vil Nouyòk alòke anplwaye a pa abite nan Vil la, epi ki pa peye frè ekolaj li dwe peye, paegzanp yo ka refere I ba Komisè pou envestigasyon ak mezi pou pinisyon, paegzanp yo ka revoke yo nan travay yo.

II. PWOSÉSIS APLIKASYON POU ELÈV KI PA RETE NAN VILLA

Paran ki pa gen adrès prensipal yo nan Vil Nouyòk (gade CR A-101 sou kondisyon ou detémineadrès) ki vle enskri pitit yo nan lekòl leta Vil Nouyòk kòm yon elèv ki pa abite nan Vil la ki dwe peye ekolaj dwe soumèt yon aplikasyon nan Biwo enskripsyon elèv OSE. Ou ka jwenn aplikasyon nan sit wèb enskripsiyoñ elèv nan <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents/Non-Residents>. Elèv ki pa abite nan Vil Nouyòk dwe itilize aplikasyon an pandan peryòd aplikasyon pou enskripsiyoñ kòm elèv ki pa abite nan Vil Nouyòk.

- A. OSE se sèl enstitisyon ki gen responsablite apwouve aplikasyon elèv ki pa gen adrès yo nan Vil la. Lekòl yo pa ka admèt elèv ki pa abite nan Vil la ki gen yon aplikasyon ke OSE pa apwouve.
- B. Tout elèv ki pa abite nan Vil la k ap chèche ale nan yon lekòl leta Vil Nouyòk dwe soumèt yon aplikasyon. Y ap konsidere aplikasyon sèlman pandan peryòd aplikasyon pou moun ki pa abite nan Vil la jan OSE deside I.
- C. Yo bay priyore pou enskripsiyoñ dabò pou elèv ki se pitit anplwaye NYCDOE, ansuit pou pitit anplwaye Vil Nouyòk, epi apre lòt elèv.
- D. OSE p ap apwouve admisyon elèv ki pa rete nan adrès Vil la toutotan yo pa fin akomode tout elèv ki rete nan adrès Vil la, kèlkeswa lè lekòl kòmanse. Elèv ki pa abite nan Vil la, kidonk, dwe ale nan yon lekòl ki nan distri kay li, jan règleman ki gen pou wè ak distri kay elèv ekzije I, jiskaske yo pran yon desizyon sou aplikasyon elèv sa a.
- E. Si yo apwouve yon aplikasyon pou yon elèv ki pa abite nan Vil la, OSE ap fè fanmi an konnen. Elèv la ka enskri nan lekòl ki apwouve I la men li dwe bay lekòl la dokiman yo mande pou enskripsiyoñ elèv ki abite nan Vil la, epi li dwe kòmanse peye frè ekolaj. Lekòl la dwe aktive opsyon pou elèv ki pa rete nan adrès Vil la peye frè ekolaj nan ATS lè I ap pran elèv la.
- F. Depatman Edikasyon Eta State Education Department (SED) fikse chak ane montan frè ekolaj pou elèv Edikasyon jeneral apati Kindergarten jiska Klas 12yèm ane. Yo dwe peye frè ekolaj la okonplè pandan ane lekòl ke yo dwe peye a Ou ka jwenn enfòmasyon sou peman frè ekolaj lè w telefone Bureau of Non-Public School Payables nan 718-935-4789.
- G. Elèv k ap resewva sèvis Edikasyon espesyal nan distri yo abite a dwe prezante IEP yo avèk aplikasyon yo.
 1. Pou elèv ki pa rete nan adrès ki nan Eta Nouyòk, y ap bay yo yon plas si, apre yo revize IEP yo, sèvis yo rekòmande pou yo disponib nan Vil Nouyòk epi si gen plas ki rete lè yo fin akomode elèv ki rete nan adrès nan Vil la.
 2. Pou elèv ki pa rete nan adrès ki nan Vil la epi ki reteyo andeyò Eta Nouyòk, y ap bay yo yon plas pou resewva sèvis Edikasyon espesyal apre yo revize IEP yo pou detèmine si yo elijib pou sèvis sa yo dapre kritè Eta Nouyòk e si sèvis yo rekòmande pou yo disponib nan Vil Nouyòk, epi si gen plas ki rete lè yo fin akomode elèv ki rete nan Vil la.

III. ELÈV KI PA GEN RETE NAN VILLA

- A. Elèv ki pa abite aktyèlman nan Vil la ke yo te apwouve aplikasyon anvan nan yon lekòl leta Vil Nouyòk epi k ap peye frè ekolaj yo ka rete nan lekòl la jiska dènye klas ki genyen nan lekòl ke yo ye a san yo pa gen pou aplike yon lòt fwa. Yo p ap pèmèt elèv sa yo patisce nan okenn lòt pwosesis admisyon, tankou Pwosesis admisyon nan lekòl segondè or Pwosesis Admisyon nan lekòl presegondè.

- B. Elèv ki pa rete aktyèlman nan Vil la ke yo evalye pou resevwa sèvis Edikasyon espesyal yo bezwen ap gen dwa pou resevwa sèvis sa yo, dapre lwa aplikab yo. Depi elèv kòmanse resevwa sèvis yo, y ap chanje montan frè ekolaj la pou fè l peye frè ekolaj aplikab pou sèvis espesyal.
- C. Elèv ki pa rete nan Vil la pa ka transfere de yon lekòl pou ale nan yon lòt pandan ane lekòl la eksepte si ta gen pwoblèm grav ke OSE ka konsidere. Elèv dwe soumèt yon nouvo aplikasyon pandan peryòd aplikasyon an pou tout lòt chanjman nan lekòl.

IV. ELÈV KLABITE VIL LA K AP KITE VIL LA PANDAN ANE LEKÒL

- A. Si yon elèv ki abite nan Vil la chanje adrès pandan ane lekòl la pou ale abite andeyò Vil Nouyòk, paran l/responsab legal li dwe avize lekòl li ye a ak bay prèv novo adrès li vin abite a sou senk jou lekòl depi li chanje kay. Lekòl la dwe chanje adrès elèv la epi aktive opsyon elèv ki pa pa rete nan Vil la nan ATS. Elèv la elijib pou kontinye ale nan lekòl sa a jis nan fen semès la san peye frè ekolaj. Si elèv la al abite andeyò Vil Nouyòk pandan premye semès la (Septanm jiska Janvye), li oblige peye frè ekolaj pou dezyèm semès la (Fevriye jiska Jen). Yo detèmine limit semès la dapre orè semès lekòl segondè a, kèlkeswa klas la. Pou fè yon peman frè ekolaj, paran an/responsab legal la dwe kontakte Bureau of Finance, Office of Non-Public School Payables nan (718) 935-4789.
- B. Elèv ki abite Vil la ki nan pwogram G&T, pwogram Pre-K, oswa lekòl espesyalize/selektif epi ki al abite andeyò Vil la pandan ane lekòl la d we avize lekòl yo ye a kèlkeswa kote yo al abite. Elèv sa yo kalifye pou rete nan lekòl oswa pwogram yo ye a pou rès ane lekòl la men yo dwe peye frè ekolaj pou dezyèm semès la si yo kite adrès Vil la pandan premye semès la. Nan fen ane lekòl la, elèv sa yo pa elijib pou yo rete nan lekòl oswa pwogram kote yo ye a epi yo pa ka aplike kòm moun ki pa rete nan Vil la pou lekòl oswa pwogram sa yo pou ane k ap vini an. Se OSE ki ka bay dispans si l vle.

V. LEKÒL ETE

Pwogram lekòl pandan ete ka admèt elèv ki pa rete nan Vil la toutotan gen plas disponib apre yo fin akomode tout elèv ki pa rete nan Vil la. Ou dwe peye frè ekolaj dapre to Depatman Edikasyon Eta State Education Department (SED) tabli.

VI. FEN ANWOLMAN ELÈV KI PA ABITE VILLA

- A. Se NYCDOE ki ka jije si l vle kite elèv ki pa rete nan Vil la patisipe regilyèman nan lekòl leta Vil Nouyòk. NYCDOE gen dwa deside anile apwobasyon li te bay pou elèv ki pa rete nan Vil la kontinye rete nan yon lekòl si l pa peye frè ekolaj atan.
- B. Anvan yo ranvwaye yon elèv nan yon lekòl poutèt li pa peye frè ekolaj atan, yo dwe :
 1. Voye avize paran an pou di l desizyon lekòl la ap pran pou ranvwaye elèv la;
 2. bay paran an yon opòtinite pou gen yon reyinyon avèk direktè a/reprezantan l pou diskite rezon ki fè y ap ranvwaye elèv la ; epi,
 3. Bay paran an yon lèt apre reyinyon an, pou avize l y ap ranvwaye elèv la.

VII. KESYON

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou sipoze rele :

<u>Telefòn:</u> 718-935-2142	<i>Biwo enskripsiyon elèv Depatman Edikasyon Vil Nouyòk 52 Chambers Street – Room 415 New York, NY 10007</i>	<u>Faks:</u> ---
---------------------------------	--	---------------------

Ou ka poze kesyon konsènan frè ekolaj nan :

Telefòn:

718-935-4789

Biwo Non-Public School Payables

*Sijè: Frè ekolaj pou elèv ki pa abite nan Vil la
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk
65 Court Street
Brooklyn, NY 11201*

Faks:
